

TATA PANGIBADAH MINGGU PRAPASKA KAPING KALIH

GKJ AMBARRUKMA, 16 Maret 2025

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ungu, Stola/Logo/Simbol : Ikan / Ichtus)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, 5 (gangsal) lilin ungu sampun murup, ingkang saklajengipun Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

“Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Enem Belas Maret Kalih Ewu Selangkung (Selawe)** (16 Maret 2025).

Kita aturaken uluk salam kabingahan kita sami kanthi jawat-asta utawi salam namaste kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Mugi berkah kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun unduh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **“Tuladha Kasetyanipun Gusti”** badhe kaladosaken dening Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **“Kidung Pamuji”** (*Ladrang Wilujeng Laras Pelog Pathet Barang*), pada Satunggal lan **Kalih** ...*kairing dening Karawitan Kalvari Adi... pasamuwan kasuwun jumeneng*

- | | |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| (1) Pasamuwan samya ngidung,
Kidungan saran muja,
Ngluhuraken Sang Ma Kwasa,
Kang paring gesang raharja. | (2) Nyawa kula muji sokur,
Gusti Allah kamulyakna,
Krana tuking karaharjan,
Yekti namung Sang Pamarta. |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

(*Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhottbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhottbah, sakderengipun Pengkhottbah mapan dhateng mimbar.*)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:**

(*Pasamuwan Jumeneng*)

Pandhita :

7 7 7 7 7 7 7 7 7 567 ,

Pi - tu - lung- an ka - wu - la pu - ni - ka,

6 7 2 23 2.32.7 ‘ 67 2 2 2 2 2 2 2

Pi - nang-ka - ni - pun sa - king sa-wab ber- kah-ing

23 2 32 7.6565 ‘ 35 5 5 5 5 5 5 6 7

Al - lah Ra - ma, ing-kang ni-tah- a- ken la- ngit lan

23 3 ‘ 7 65 5 5 6 723 3 3 3

bu - mi, sih rah - mat lan ten - trem rah - ha - yu

7 2 3 3 ‘ 7 2 3 3 7 6 6 6

sa - king Al - lah, nggih Sang Ra - ma tu - win Gus - ti

7 5 565 3.2

Ye - sus Kris - tus

23 5 6 6 6 6 6 6 7 5 65 3.2

mu - gi won- ten - na ing pan - je - neng- an sa - da - ya

Pandhita lan Pasamuwan (Sadaya) :

Buka Demung: 7 6

. . 7 6	. . 6 7 5	. 5 6 5 3 (2)
A - min	A - min	A - min.

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. **Liturgos : Sabda Introitus :** Introitus ing pangibadah menika kapethik saking **Jabur Wolung Dasa Gangsal, ayat Sadasa (Jabur 85 : 10)** ingkang badhe dipun aturaken kanthi tayangan video. Sugeng mirsani.

5. **Liturgos :** “ Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus, sabdanipun Gusti ngenetaken bilih Allah kita ingkang Gustining sarwa tumitah, ing saindenging bumi menika kebak ing kamulyan sarta langgeng salami-laminipun.

Pramila sumangga kanthi sukarena sesarengan kita ngrepekaken kidung **“Pinujia Sang Kristus” (Lancaran Laras Pelog Pathet Lima), pada Satunggal lan Kalih**

- (1) Pinujia Sang Kristus, Pinujia Asmane,
Luhur, mulya ing ngaluhur,
Pinujia Asmane, langgeng salaminya.

- (2) Pinuji Gusti Yesus, pinuji salawase,
Luhur, mulya ing ngaluhur,
Mbirat dosa umat-E, puji salaminya.

6. Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Litani Pandonga

- Imam** : Pasamuwan kinasih, Sabda Andharaning Katresnan punapa Mulad Sarira kapethik saking Jabur Pitu Likur ayat Pitu dumugi Sanga (**Jabur 27 : 7 – 9**) kanthi Litani Pandonga ingkang badhe kita pratelakaken imbal-imbalan sesarengan mekaten:
- Imam** : Dhuh Yehuwah, mugi karsaa miyarsakaken pasambat kawula ingkang kawula unjukaken, mugi Paduka karsaa melasi kawula saha kawula mugi kaparingana wangsulan!
- Pasamuwan** : **Manah kawula ndherek dhumateng pangandika Paduka: “Sira ngupayaa wedananingSun.” Wedana Paduka inggih lajeng kawula upadosi, dhuh Yehuwah.**
- Imam** : Paduka mugi sampun nutipi wedana Paduka dhateng kawula, Paduka sampun nampik abdi Paduka klayan bebendu;
- Pasamuwan** : **Paduka punika pitulungan kawula, kawula mugi sampun Paduka tampik saha Paduka tilar, dhuh Allah, Juruwilujeng kawula!**
- Sadaya** : Amin.

7. Imam : Kidung Panelangsa

“Pasamuwan ingkang dipun tresnasi Gusti, Gusti menika pitulungan kita ingkang mboten badhe nampik tiyang ingkang purun marek sowan wonten ing Ngarsanipun.

Sesarengan kita badhe nyawisaken manah, kanthi ngrepenaken kidung **”Ludira Pangentasan” (Ketawang Laras Pelog Pathet Nem), pada Satunggal lan Kalih**

- (1) Aku rehne sekeng ngungsi maring Gusti,
Dene rah-E kang suci mbirat dosa mami,
Gusti wus nyaur pundhat utangku,
Dosaku luwih agung nging Gusti kang nglebur.
- (2) Namung kwasa Tuwan dhuh Gusti Pamarta,
Ingkang saged ngluwari kula saking dosa.
Gusti wus nyaur pundhat utangku,
Dosaku luwih agung nging Gusti kang nglebur.

8. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Jabur 33 : 4

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Jabur 37 : 3

9. **Liturgos** : “Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Kita Yesus Kristus menika ngutus kita sami, supados tansah nindakaken kayekten kanthi setya tuhu.

Pramila, sesarengan kita badhe ngrepekaken kidung **“Isining Kitab Suci”** (*Lancaran Laras Pelog Pathet Barang*), pada Satunggal lan Kalih..... *pasamuwan kula aturi jumeneng*

(1) Isinya kabar kabingahan,
Winangsitken dening Pangeran,
Dadya srana suka piwulang,
Margining kautaman.
Dimen tyang pitados tansah arumantos,
mBangun turut Gusti Nresnani sesami.

(2) Tyang lepat kraos winelehnna,
Dening sabdaning Kang Ma Kwasa,
Tyang dosa nya samya mratobat,
Nampenana Sih Rahmat.
Dimen tyang pitados tansah arumantos,
mBangun turut Gusti Nresnani sesami.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

10. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) **Pandhita** : Pandonga Epiklese

b) **Ngrepenaken Pepujen Tema Mangsa PraPaska**

Kagem nyuraosi mangsa Prapaska, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Mangsa Prapaska taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan **“Tulusnya Cinta-Mu”**. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Komisi Musik GKJ Ambarrukma.

Tuhan, seringkali langkahku menyimpang.
Bahkan, lidahku tajam, hatiku angkuh
Godaan dunia buatku terjatuh.
Dan aku sering melupakan kasihMu.

Refr: Namun, Engkau s’lalu lembut memanggilku.
“Datanglah anakKu, Aku menunggumu!”
Kini ‘ku hidup dalam anugerahMu.
Dan bersaksi tentang tulusnya cintaMu.

c) **Pandhita** : maosaken **Filipi 3 : 17 – 4 : 1**

d) **Pandhita** : (*iringan gremengan Gender*)

5 6 6 6 6 6 6
Ra-ha- yu sa -ben ti - yang
6 5 5 5 5 5 5 ‘ 5 5 5 5 5 6 5
Ingkang mi- reng-a - ken Sab-da- ni -pun Gus - ti
5 3 3 3 3 3 3 3 3 3 3 3
Lan nindak -a - ken kar- sa- ni -pun Gus- ti
3 5 6 6 6 5 6 5
Ing ge -sang pa-din- te - nan
3 2 3 2 1
Ho- si- a - na.

Buka Demung: . . 5 6 5 3 5 6

Sedaya : . . 5 6 5 3 5 6 . . 5 6 5 3 5 6
Ho-si - a-na Amin Ho- si - a-na Amin
. . 5 6 i 2 3 2 . . i 3 2 1 2 ①
Ho-si - a-na Amin Ho- si - a-na Amin

- e) Pandhita : Paladosan Khotbah
- f) Irah-irahan: “Tuladha Kasetyanipun Gusti”
- g) Ancas : Pasamuwan dipun ajak ngraosaken saha nuladha kasetyanipun Gusti ing sawetahing gesangipun.
- h) Wekdal Ening.

11. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti, berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Awit saking menika, kita badhe nyaosaken pisungsung dumateng Gusti minangka cihnaning raos sokur kita.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirungan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal punika, kapethik saking kitab **Jabur Bab Wolung Dasa Sanga Ayat Kalih lan Tiga (Jabur 89 : 2-3)** ingkang mekaten suraosipun:

“Sih-susetyaning Yehuwah badhe kawula kidungaken ing salaminipun, kasetyan Paduka badhe kawula suwuraken kaliyan cangkem kawula turun-tumurun. Amargi sih-susetya Paduka binangun ing salami-laminipun; kasetyan Paduka jejeg kados langit.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen kidung **“Caos Pisungsung” (Lancaran Laras Pelog Pathet Nem), pada sakcekapipun**

- (1) Caosa pisungsung mring Hyang Ma Agung,
Krana gunging sih rahmat datan kendhat,
Bandha arta lan pethingan,
Gesang tansah binerkanan.
- (2) Tangan suku kula tansah makarya,
Mrih sesami nampi berkahing Gusti,
Nampeni berkahing Gusti,
Ngantos dumugeng wekasan.
- (3) Bandha kasugihan wah kasagedan,
Gesang sawetahnya pisungsung nyata,
Pisungsung nyata dadosa,
Mrih kamulyaning Pangeran.

12. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

13. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli.** Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

14. Pandhita : Paladosan Berkah

15. Liturgos : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah punika.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening kidung **“Purnaning Pangabekti” (Lancaran Laras Pelog Pathet Nem), pada Satunggal lan Kalih**

(1) Pinujia nggih Allah Sang Rama,
Wah Sang Putra lan Roh Suci,
Purna pangabekti aneng greja,
Ngrasuk gesang saben ari.

Refr:

Payo nindakna kang trusing ati,
Sabdaning Gusti sung Gesang yekti,
Sinartan dening berkahing Gusti,
Sung sih rahmat mring sesami.

- (2) Pangabekti sestu pangibadah,
Lamun Gusti kang den sembah,
Kraharjaning pepadha den udi,
Jagad ramya tentrem yekti.
- Refr:
Payo nindakna kang trusing ati,
Sabdaning Gusti sung Gesang yekti,
Sinartan dening berkahing Gusti,
Sung sih rahmat mring sesami.

*Sakderengipun Imam nampi Kitab Suci saking Pengkhotbah,
Imam mejahi 1 (satunggal) lilin Prapaska (ungu) ingkang murup paling ngandhap,
dados taksih wonten 4 (sekawan) lilin ungu murup lan 1 (satunggal) lilin pethak murup.*

16. **Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur mugi katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”